ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЕЙ ГУШІОНЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№15 ● 2008 гъэм щIыщылэм (январым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

## Илъэсищым къриубыдэу

### ди промышленностым инвестицэ проектэ 35-рэ щагъэзэщIэну я мурадщ

**Республикэм и бюджетыр дотацэхэр хэмыту къыдэригъэпэщIфу хъун папщIэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм яцIыщI промышленностым щIэуэ зегъэужьыныр. Ауэ КЪБР-м и промышленнэ комплексыр зэтегъэуцужьыным бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуэгъуэтын хуейщ. Арауш зыгъэхуауэ щытар дызыхьхьа илъэсыщIэм республикэм и Правительствэм иригъэкIуэкIа япэ зэIущIэр. Адрей Iуэхугъэм къадэкIуэу абы щыхэплъащ КЪБР-м и промышленностым хиубыдэу машинэ зыщI, металлым елэжь Iуэхущ Iапэхэм, металлургие цIуугъэнэм и предприятэхэм, медицинэ промышленностым, промышленность псынщIэмрэ пхъэм елэжь промышленностымрэ 2008-2010 гъэхэм зэрызэужьыну Концепцэм. Абы хеубыдэ машинэ зыщI, металлым елэжь предприятэу 21-рэ, металлургие цIуугъэнэм и предприятэу 4, медицинэ промышленностым и предприятэу 2, промышленность псынщIэмрэ пхъэм елэжь промышленностымрэ я предприятэу 17.**

КОНЦЕПЦЭР эзыущIэм кърихьэлIахэм я пащхьэм къыщIрилъхьэм, республикэм промышленностымкIэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Уэнаев Казым** зэрыжиIамкIэ, а предприятэхэм нэгъабэ сом меларди 7,4-рэ и уасэ продукцэ я зыщыгугъам елъытауэ процентэ 142,6-рэ къыщIалъэкIащ. Апхуэдизу щыт пэтми, а Iэнатlэхэр нэгъасауэ зэтеувауэ жыпIэ хъунукъым. Зэман къакIуэм егугъун хуейщ промышленностым и Iэнатlэм щэщIауэ зезыгъэужьыну технологие лъагэхэр къэгъэсэбэпыным икIи ар и лъабжьэу экономикэр псынщIэу къэIэтыным.

*(КIэухыр 2-нэ нап.)*

● Щапхъэ

### Iуэхущlапlэм нэхъри зеужь

**«Кавказкабель» заводым (Прохладнэ къ.) 2007 гъэм щIэуэ игъэувагъэ Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ къыщIигъэкI продукцэ лIэужьыныгъэхэм, абыхъэм я фIагъыми хэхъуащ. Фейдэуэ нэгъабэ яIар 2006 гъэм нэхърэ процент 103-кIэ нэхъыбэщ.**

ДЫЗЭРЫ илъэсым заводым къыщIигъэкIыну кабель лIужьыныгъэщIэхэр къыщагъэсэбэпынущ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, связым и Iэнатlэхэм, монтаж лэжьыгъэхэм.

Предприятэм и продукцэр иregъашэ Москва, Санкт-Петербург, Тюмень, Пермь, Самарэ къыдэхуэн. Дяпэкlэ «Кавказкабель» дэлэжьэнущ У краинэм, Беларусым, Азербайджаным.

Заводым щылажьэхэм къахэ улахуэхэр сом мини 9-м нос. Мыгувэу мыбы линэщIэ зыбжанэ щаутIыпщыну загъэжьэщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэр.**
*Прохладнэ къалэ.*

**Зи гугъу тщIы ахьшэр Урысей Федерацэм и цIыхуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм зы илъэс нэхърэ мынэхь мащIэкIэ щыпсэуахэм ягъуэта сабийхэм я щIэкIэ къэралым банкым хилъхьэу щIидзащ 1996 гъэм фокIадэм и 1-м. Сабий зиIэ щIыцухэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэунэтIа а Iуэхур ягъуэт «Унэгъэр, анэр, адэр, сабийхэр хьумэным и Iуэхукlэ» 1996 гъэм щIыцхьэIум и 17-м къаща КЪБР-м и Закон №21-РЗ-м ипкъ иткIэ.**

САБИЙ къалъхуагъащIэм банкым хухалъхьэ ахьшэр зыхуэдизыр КЪБР-м и Правительствэм и унафэкIэ ягъэувырт. Нобэм ирихьэлIэу ар сом 2000 мэхъу. Банкым абы гъэ къэскIэ процентKIэ къыщIегъу Урысей Федерацэм и Банк нэхьыщхьэм рефинансированэмкIэ игъэува мардэм хуэдизэ.

Ахьшэм и пщIэм зэпымыууэ зэрыкIэрыхуэм къыхэIыу сабийхэм папщIэ банкым халъхьа ахьшэм къыщIигъущхуа щымыIэу илъэс 18 дэжда нэужь зэрыратыжыр яфIэмыгъэмэну цыху куэдым КЪБР-м ГЪЭжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зыкъыхуагъаазэ.

# Сабий къалъхуагъащIэхэм хухалъхьауэ щыта ахьшэхэр зэрыратыжынум теухуауэ

Абыхэм япкъ иткIэ министерствэр иджыпсту хоплъэ зи гугъу тщIы мардэр щымыигъэIэжьыным, сабий къалъхуагъащIэхэм папщIэ япэкIэ халъхьауэ хэль ахьшэр зыхуэфащэхэм зэман пыухыкIакIэ зэпыудауэ етыжьынум теухуа Iуэхум. Апхуэдизу зэман пыухыкIакIэрэ зэпыудауэ иратыжынуц 1996 гъэм и фокIадэ мазэм щыщIэдзауэ 2007 гъэм щыгъэтазэм и 31-м нэсыху къызэIуахауэ щыта счетхэм иральъха ахьшэр. Абы теухуа хабзэр КЪБР-м и Правительствэм къыщIэнущ. Банкым хэль ахьшэм процентKIэ пэкIуэр а счетыр зэхуащIыжкIыху хущIегъуэ екIуэкIынущ. Абы къыхэкIыу апхуэдизу счет зиIэхэм я ахьшэм хэхъуэр зыхуэдизыр илъэсым зэ, езыхэм я Iуэхур щыхуэкIуэм ирихьэлIэу, КЪБР-м и Сабий фондым и правленэм езыхэм я тхыльхэм къырыгъатхэ хьунущ.

Мы Iуэхум унафэ пIыухкIа тращIыхьа нэужь, цIыхухэм абыкIэ хьыбар ирагъэщIэнущ республикэм къыщыдэкIа газетхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ я щIыналъэ управленэхэм.

**Гу зылъыгапхъэ.** Республикэм сабий зэрысу щIэ унагъуэхэм нэгъуэщI дэIепыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэт. КъыщIэкIынущ, лэжьакIэ Iумыт адэ-анэм сабий щагъуэтам деж зэуэ сом 8000-кIэ зыщIагъакъуэ, сабийм и ныбжьыр зы илъэсрэ ныкъуэм нэсыху мазэ къэс ягъэ сабийм папщIэ сом 1500-рэ, етIуанэ сабийм папщIэ сом 3000 ират. АдэкIэ дэтхэнэ сабийми и ныбжьыр илъэсищ ирикъуху, мазэ къэс сом 230-рэ, сабийр илъэс 16 ирикъуху, мазэ къэс сом 70 ират. А хабзэ дыдэкIэ Ипщэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм я нэхьыбэм щыIэщ. «Анэм и ахьшэ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, щIадзауэ, зи унагъуэм етIуанэ сабий кьихьуахэм я счетым сом 267500-рэ иральхьэ. Сабийтхэ е нэхъыбэ зыгъуэта, ахэр тэмэму зыпIа анэхэм иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдагъэкIащ «Анэм и щIыхь» медалыр. Абы щIэупчIагъуэ дэтхэнэ зы сабийми тещIыхьауэ сом мини 10. КЪБР-м и къэралыстым и органхэр мы зэманым хоплъэ сабий зиIэ унафэхэм зэрадэIэпыкъуну хъунущ нэгъуэщI Iуэхухэм.

***КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.***

# Къэрал куэдым я цIыхухэм я зэблэкIыпIэ

**Джэдыкъуэ уэхым щащIыну аэропортыр къэрал куэдым я цIыхухэм я зэблэкIыпIэ хъунущ. Апхуэдизу ар хагъэхьэнущ транспорт лIэужьыгъуэ зыбжанэ зэгуэту къэзыгъэсэбэп дунейпсо центрым. Апхуэдизу къыдэкIащ КЪБР-м транспортымкIэ, связымкIэ, гъэгуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Абазэ Хьэдис.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы центрыр Липецкэ областым щIиуэунущ Америкэм щIыщ «Маркетинг Систем» инвестицэ компанием. А центрым хиубыдэу зэгуагъэхьэнущ Липецк и международнодунэ аэропортыр, Задонскэ международнодунэ къуэхь тедзапIэр, гъущI гъуэгу, автотранспорт терминалхэр, дызыхуэкIуэ илъэси 2-3-м къриубыдэу КЪБР-м щащIыну аэропортыр.

А уэхунэгъэшхуэр ирагъэжьэн папщIэ зыхуэйину процентхэр згъэхьэзыращ, лэжьыгъэхэр щекIуэкIыну щIыпIэр ягъэбелджылыри абы екIуалIэу зыкъыщIэкIа гъуэгуэгу яку куэдиящ. ЩIэуэ яхуэну аэропортыр иджыпрей автомобиль гъуэгуэгI япыщIауэ щытынущ ди гъунэгъуэху Ставрополь краймрэ Осетие Ищхьэрэм, Ингушым, турист куэд щыщэблэкI Iуащхьэмахуэ Iыпа. Апхуэдизу мыбы пэгъунэгъущ Налшык - Москва гъущI гъуэгури. Транспорт пIэужьыгъуэ куэд мы щIыпIэм хуэзэу зэрыщыщэхьхьэм и фIыщIкIэ зыбгъуфиIущ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Азием, Кавказ щIыбым яхудиIэ пыщIэныгъэхэм.

УхуэныгъэщIэм сом меларди 4,5-рэ хуэдизэ текIуэдзну къалъытэ. Абы и фIыщIкIэ ди аэропортым къыщетIысхь е щдежьэ къхьхьлъатэхэм щыхуэ иризекIуэр хуэдитхуIэ нэхъыбэ хуэнущ (иджыпсту къхъуклъатэкIэ Налшык аэропортым къакIуэхэр е текIэр илъэсым щIыху мини 120-рэ хъуурэ аращ). Ди аэропортыр иджыпсту къалэм и щIыналъэм зэрыхуиубыдэм къыхэкIыу адэкIэ зрагъэубгъуну Iэмал ягъуэтынукъым.

**ЧЕРНЫШОВЭ Марин.**

● ЗэIущIэхэр

### ЗэфIагъэкIахэм хоплъэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Промышленностымкlэ, гъэсынныхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием и дыгъуасэрей зэIущIэм щыгъэнкърахащ 2007 гъэм я лъэжьыгъэ зыхуэдамрэ яп э мазиным къапэщыт къалэнхэмрэ.**

МИНИСТР **Уэнаев Казым** и докладым къызэрыщIэлъэгъуамкIэ, зи унафэщI Iэнатlэр нэгъабэ хъарзынэу лэжьащ, яубзыхуауэ щыта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ пстури къанэ щIагъуэ щымыIэу зэфIахащ.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ департаментым и унафэщI **Бэлагъы Борис** и псалъэмакъыр триухуащ унэ кхъахэм щIэсхэр гъэIэпхъуным, капитальнэ ремонт егъэкIуэкIыным хуэзэ мылъкур хухахьн папщIэ ЖКХ-р реформэ щIынымкIэ Фондым заявкхэр зэрырат щIыкIэм.

Зэхьхьэм зыщIыхьэпIьахэм яущIыщ «Электрокъарур кьыдэгъэхуэнымкIэ Центр» ОАО-м и лэжьыгъэ унэтIыкIэмрэ министерствэм и «Коммунальнио» сабий лагерым дэIэпыкъунымрэ ехьэлIа Iуэхухэр.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ **Чеченов Ануар**, коллегием хьыхьэхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэр.

**МЫСОСТ А лбэч.**

● Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Спорт

КЪЭБЭРТЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхьэдис

### Сом 10.000 къыдокI

● ЩIэ

**Урысейм и Банк нэхъыщхьэм 2008 гъэм къыдигъэкIынущ юбилей щыхьэхуэхэм, инвестицэхэм егъэщIыщIа ахьшэ зэмылIужьыгъуэу 51-рэ.**

Сом минипщI хуэ гъущIкъэкI ахьшэм и хьэлъагъыр зы килограммым нэсынущ. Апхуэдизу къыдагъэкIынущ гъэхэнипщI хуэ дыжьын ахьшэхэри. Зи гугъу тщIы сом бжыгъэ лIэужьыгъуэхэм тращIыхьынущ Астрахань, Свердловск областхэм, Мордовиэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Удмуртием и теплъэ ямыхьхьахэр.

**ЛЬОСТЭН Муэ.**

### Урысейр къадоIэпыкъу

АБХЪАЗ. ***Республикэм къыщыдэкI «Чегемская правда» газетым зэритхымкIэ, Урысей Федерацэр сом меларди 1 хуэдизкIэ Абхъазым дэIэпыкъунущ.***

АБХЪАЗЫМ и экономикэ зыужьныгъэм теухуауэ «Чегемская правда» газетым игъэхьэзырэ тхыгъэм къыхощ Урысей Федерацэр пенсэ Iэхум и мызакъуэу, Абхъазым гъуэгу, школ, сымаджэщ уухэныгъэхэмкIэ зыкъызэрыщIигъакъуэр.

Къыхэдгъэщынщи, республикэм и бюджетым 2004 гъэм елъытауэ иджыпсту хуэдизкIэ 3,5-кIэ хэхъуащ.

### Сымаджэщыр къэзыщIэрэщIэж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и жылагъуэхэр псори фельдшер-акушер пунктэмкIэ къызэрэпэщащ икIи Iэмал яIэщ зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм ираты-ну.***

ПРИКУБАНЬ районым хьыхь Пристань къуэжэм щыкIу 700-м нэблагъэ щопсэу, абыхэм щыщу 120-р сабийщ. «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр щIэгъэкъуэныфI яхуэхъу пэтми, къуажэм дэт сымаджэщыр нобэкIэ пэлъэщыжыркъым абы екIуалIэ щыху псоми зэхэсу елэ-зну. Ар къыбыжкIыр нобэрей зэмIным къитIащэ Iэмэпсымэхэр, оборудованэхэр зэримыIэрщ. Абы нэмыщIкIэ, сымаджэщыр къэгъэщIэрэщIэжкIэ хуейщ.

Сымаджэщым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыпIэ администрацэм ахэр къигъэгугъащ мэлыжьыхьым ирихьэлIэу ар зэгъэпэщыжыкIэ щIадзэну.

### Арэшкьуэ Рауль и мылъкукIэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муслъымэнхэм я дин управленэм иджыблагъэ щрагъэблагъэжащ хьэжыщI къикIыжахэр. АдыгеймкIыну Саудейм мы гъэм кIуэзэр щыIу 38-рэ мэхъу.***

АДЫГЕЙМРЭ Краснодар краймрэ я муфтий Ешмыр Нурбий мыбыгъэдэлъ хьэрычэтыщIэхэм захуигъаазэу зэIущIэм къыщыжиIэщащ. «Ставропольмэрегионгазым» и унафэщI Арэшкьуэ Рауль щапхъэ трахыну. Адыгэ щIалэм и мылъкукIэ хьэжыщI щыIуэ 120-рэ мы гъэм игъэкIуащ. Абыхэм яхэтащ Адыгеймк, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхьэрэм, Ингушым щыщхэр.

**ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.**

ДУНЕЙМ ПСОМКЪЫБГЪЭ

**ЩIытыкIэр иджыри щIыткIийщ**

**Взэмахуэрэ дыгъуасэрэ я жэщым Ливаным и къалэнхъэ Бейрут и къуэкIыпIэ льэныкъуэм лагъым льэщ къыщIуащ.**

Автомашинэу пщIы бжыгъэ мафIэм исащ, цIыхухэм хэкIуэдащ, нэхъыбэж уIэгъэ хъуащ.

Мы къэралым зэгуэнэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэнэкъуэкIу. Абыхэм зытращIыхьыр къаурхэефIэкIыныгъэ зрагъэгъуэтныр щ.

**УФ-р и щIэгъэкъуэну**

**Урысейм и щыхэрым къкIуащ Сербием и президент Тадич Борисрэ премьер-министр Каштуницэ Влодиславр.**

Ахэр УФ-м и Президент Путин Владимир, ди къэралым и нэгъуэщI унафэщIхэм епсэлъащ. Лъэныкъуэхэр Iуэху куэдкIэ зэгурыIуащ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэщ Сербием и щIыналъэм кIуэцIрыкI газ кIуапIэ бжьамийр ухуэныр. Абы Сербием и пщIэр хуабжьу къиIэтынущ.

**НАТО-р ядэркъым**

**Дыгъуасэ Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм и упэм и гупэм щыху миным щIигъу зыхуэта пэкIу щекIуэкIащ.**

Къыдэхуэсахэм жаIащ а къэралыр НАТО-м хьыхьэным зэрызыкъунгъэхьэныр зэрамыдэр. Фигу къэдгъэкIыжащи, мыарэзыныгъэ Iуэхуэхэр къезыхьжьар Украиниэм и Коммунист партырщ. Абы и гъуэгу зи Iуэху епIыкIкIэ зэгъэкIуэн и гъунэгъу нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэри.

**Дэнэ здэкIуар?**

**КъуэкIыпIэ-Китай тенджызым щыбгъэхащ Гонконг кIуэ уасэ кхъухь.**

Зэман зыбжанэ хьуауэ абы пыщIэныгъэ гуэрэ хуэIэжькъым. ЯщIэрыкъым кхъухьыр щIилъэфами, щIым кхъухьиIэ пыщIэныгъэ фIэкIуэдами, гъуэщами. Ауэ Iэщ Iагъэхъэ хуагъэфащэ кхъухьыр тенджызым хуэущIакIуэхэм ябыдауэ. Абы мылъкушхуэ ильащ. ЖытIэщи, Индиер, Малайзиер, Сингапурыр зи Iуфэм Iус тенджызым апхуэдизкIэ хуэущIакIуэхэр куэду щыIэщ.

**Москва къыщагъуэт**

**Дуней псом къыщалъыхьуэ щIэпхъаджащIэ. 1946 гъэм къальхуа Морозевич Москва щагубащ.**

Ар 90 гъэхэм, къыкIэлыкIуэ илъэсхэм бзаджэнаджагъэкIэ щIэрыIуэ хьуа щIапхъаджащIэ гуп зыбжанэм хэтащ. Зэманрэ гъэрэ абы Испанием зыщигъэпщкIуащ, иджы ди къэралым и щIыналъэрым къыщыщIидзыжащ.

**Тэмэму мэлажьэ**

**Саратов областым дунейм и щытыкIэр щефIэкIуэжащ.**

Аэропортыр тэмэму мэлажьэ. Iуэхуэм-автомашинэ зэтрихьэхэр щыIэжкъым.

**Уэсыпхуэ**

**Дыгъуасэ псом Москва уэс къыщесащ.**

Языныкъуэ щыпIэхэм абы и Iувагъыр сантиметри 8-м щынэсащ. Яп щыкIэ уэсыр пхъапэу щытащ, иужькIэ цIыпэ хъуащ. Мы зэманым Москва и гъэгуэгум ущыезгъуэну тыщыкъым.

**Мы махуэхэм**

**ЩIыщылэм и 26,** *щэбэт*

◆ 1924 гъэм Петроград фIащащ Ленинград цIэр.

◆ 1944 гъэм КЪБР-м и Ауан куейр къыгъэрагъэпэщащ.

◆ Индием и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Индием и махуэщ (1950).

◆ Австрием и лъэпкъ гуфIэгъуэщ.

◆ 1936 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тау Хьэзэщ**.

◆ 1949 гъэм къалъхуащ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артистку, республикэм и Къэралгугъэтым и лауреат **Джэдэуэ Венерэ**. 2004 гъэм дунейм ехыжащ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 32-м, кхъухьжьынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 8-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъэщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 36-рэ.**

**ЩIыщылэм и 27,** *тхьэмахуэ*

◆ 1904 гъэм Урыс-япон зауэм щIидзащ.

◆ 1941 гъэм зрагъэуващ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» щIыхьыщIэр.

◆ 1944 гъэм Ленинград блокадэм кIыкIащ.

◆ 1968 гъэм Налшык къыщыдэIуахащ Къэрал музтеатрыр.

◆ **Нацизмэм зи гъащIэр ихьэхэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ.**

◆ **Таможнэм и дунейпсо махуэщ.**

◆ 1947 гъэм къалъхуащ къэбэрдей композиторыр, КЪБР-м и гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жырыкъ Заур**.

◆ 1952 гъэм къалъхуащ КЪБР-м и гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъуэ Руслан**.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 31-м, кхъухьжьынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 9-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъэщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 38-рэ.**

**ЩIыщылэм и 28,** *блащхьэ*

◆ 1820 гъэм Антарктидэр къызэIуахащ.

◆ **Ядерно зауэм и бий дунейпсо махуэщ.**

◆ 1962 гъэм къалъхуащ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингушым и гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Атэбий Игорь**.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 30-м, кхъухьжьынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 10-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъэщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 40-рэ.**

*ПIалэпэр зыслъхьэзыр* **ШАЛ Мухьэмэд.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

### Къапхъэнми имыгъащIэ текIуадэркъым.

● Хъыбар гуапэ

### Къалэ газетым и редактор нэхъыщхьэ

**Налшык къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и совет-ымрэ къалэ администрацэмрэ къызэрагъэпэщащ «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ къалэныр хуэхъуэфэщащ Дзэмыхь Лиз.**

- ТХЪЭМАХУЭМ зэ къыдэкI газетым и къалэн нэхъыщхьэр къалэ администрацэм и лэжьыгъэр наIуэу ди цIыхухэм я пащхьэм ильэсыным, - дыщегъэзгъаазэ Дзэмыхьым. - Абы тетынущ къалэдэсхэм, республикэм щIыпIэсхэм я гуныкIуэгъуэхэмрэ кхъухьлъхьэ Iужьугъуэхэмрэ къыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэр, абыхъэм я жэуапхэр, къалэм щекIуэкIыну Iуэхухэм ятеуауэ хъыбарегъащIэкIэ. Дыпетхыхьынущ зи цIэр фIыкIэ Iуа ди цIыхухэм, абыхъэм я мызакъуэу, абы кьегъэщIылIа кхуажэхэмэ я псэукIэм, спортым, щэнхабзэм, зы напэкIэуэщI теухуауэ щытынущ егъэдэжьнигъэм рэ щэнхъэмэрэ. «Налшык» газетыр дяпэкIэ зэтеувэу аращи, дыхуейт и теплъэкIи и купщIэкIи ар щапхъэ хъуну.

«Налшык» газетыр Роспечатым и Iуэхущlапlэхэм щащэнущ.

**ИСТЕПАН Залинэ.**

## Пшыхьым фрагъэблагъэ

Урысей интеллигенцэм и конгрессымрэ Социально-экономикэ, щIэныгъэ фондымрэ (Фондым и президентым Филатов Сергейщ) зэщIыгуэу къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэныгъэлажьэ, творческэ интеллигенцэм я пшыхь.

А зэIущIэм къриукъэIэхэм яхуэзэнущ Фондым и президент, Урысей интеллигенцэм и конгрессым и гъэзэщIакIуэ директор Филатов Сергей. Алхуэдэу «Зы гъащIэ хуэдиз зи кIыхьагъ зауэ» фильмыр япэу ягъэлъэгъунущ, КЪБР-м и артист цIэрыIуэхэр зыхэт концерт екIуэкIынущ.

Пшыхьыр 2008 гъэм щIышылэм и 26-м сыхьэт 16-м щекIуэкIынущ Къэрал концерт тыпIэм (Щоджэкъуакъуэм и уэрам, 28).

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и телефоныр: **8-918-720-50-14**.

# Илъэсищым къриубыдэу

*(КIэухым. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Иджыпстухэ предприятэхэм я нэхъыбэм я лъэщагъэр процент 30-60 хуэдизкIэ къагъэсэбэпыфу аращ, абыхэм я фонд нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ щIэгъэхуэбжьаеуэ ягъэлажьэхэр ахъшэ зэрамыIэм къыжькIыу ирагъэфIэкIуэну Iэмал ягъуэтыркъым. Производствэм и зэхэлъыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ абыхэм зыужьынум хуэдиз кредит къезытын ягъуэтыркъым. Абы къыдэкIуэу къыхэгъэщIыпхъэщ рабочэ Iэщагъэхэмэ пщIэшхуэ зэрамыIэжкыр. Республикэм и промышленнэ комплексыр апхуэдэ щытыкIэм къикIыныжкIэ лэжьыгъэхэ Iуэну нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылаащ. Абыхэм ящыщщ предприятэхэр техникащIэкIэ къызэгъэпэщыныр, Iэнатlэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныр, инноваци лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьныр, технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп производствэ зэтегъэувэныр, адэжи инфраструктурэм зегъэужьныр, лэжьапIэ Iэнатlэщхэр къызэрыкIуэр.

Концепцэм къызэрыщыгъэлъэгуамкIэ, къэрал дэлэныкъыгъэр хузунэтlаеуэ щытынущ фейдэшхуэ къызыпыкIыну проектхэм къыхьыжьэ инвесторхэм къэрал шэсыпIэхэр етыным, республикэм и дежкIэ нэхъ мыкъэнэшхуэ зиIэ проектхэм папщIэ бюджетым щымыщ ахъшэ хэкIыпIэхэр къызэрагъэуIуэным, продукци лIэужьыгъуэ пыухыкIахэм щIэупщIэ яIэн папщIэ, ахэр республикэр къэралыгъэкIэ зыхуейхэм папщIэ къэщхъуным. Предприятэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр къызэральытэ щIыкIэми зрагъэхьужьынущ. Нэхъ Iуэху пэрыту щытынущ Iэнатlэхэр фейдэ пыпIуэ зэрылажьэр, бюджет псоми налогыу хальхьэр зыхуэдизыр, лэжьакIуэхэм я бжыгъэр, абыхэм я лэжьапIэр зыхуэдизыр, инноваци, инвестицIэ лэжьыгъэхэр къызэрызэгъэпэщащ, производствэм щIэ пэщагъэхэр къызэрагъэсэбэпыр, фонд нэхъыщхьэхэм фейдэуэ къыпхахыр. НэгъуэщIыж ящIэмэ, гулытэ зэхэ хуащIынущ предприятэхэр социальнэ къалэнхэм зэрабгъэдыхьэм.

Концепцэр гъэзэщIэным кърикIуэну Iэуху нэхъыщхьэхэм ящыщу Уннаев Казым къыхэщхьэхурэ щIэуэ предприятэ куэд зэраухуэнур, промышленностым къыщIигъэкI продукцэм и фIагъми куэдагъми зэрыхэхьэнур.

- Псори зэхэту сом мелуан 4606,7-рэ зи уасэ инвестицэ проектэ 35-рэ дгъэзэщIэну дыкIоугъ, - жиIащ министрым. - Абы и фIыщIэкIэ илъэсым хуэзэу къыщIагъэкI продукцэм сом мелуан 5961-рэ и уасэ къыщIигъэнущ, лэжьапIэ Iэнатlэ 2965-рэ къызэIуахынущ. А проектхэм ящыщщ алюминым къыхэщIыкIа кIапсэхэр къыщIэзыгъэкIыну Iэнатlэу щIыху 200 щIэуэ лэжьапIэкIэ къызэрыгъэпэщынур. Дызэрыт илъэсым и ятlэ кварталым кIрикуубдзэу «Керамикэ-Налшык» ООО-м ятlэм къыщIигъэкIыну щыта хъэпшыт щIыкIуфэкIуэр щыбним щIидзэжынущ, апхуэдизу къыщIэхъуэпсын ящIын папщIэ Германием къраша линэр лажьэу иутIыпщынущ. ТехникащIэкIэ къызэрагъэпэщынущ икIи продукцэ пIэлужьныгъуэщIэкIэр къыщыщIагъэкIыну щIадзэнущ къэралым ЗыхъужьжьынигъэмкIэ и министерствэм пыщIауэ щыта предприятэу пIлым: «Телемеханика» заводым, полупроводник Iэмэпсымэхэр щадщу Налшыкрэ Прохладнэмрэ щыта заводхэм, Налшык дзэ электровадиу заводым. Концепцэм апхуэдэу щагъэбелджылащ руда къыщIэзых, абы елэжь Iэнатlэхэр зэфIэгъувэжьынымкIэ программэхэр.

Концепцэм къыщыгъэлъэгъуэ Iуэхухэр лъэхъэнитIым тещIыкIауэ зэхалъхьащ. Ятlэ лъэхъэнэм (2008 гъэм) инвестицэ проектэ 19, етIуанэ лъэхъэнэм (2009-2010 гъэхэм) 16 гъэзэщIэну я мурадщ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаламкIэ, Правительствэм и унафэкIэ Лэскэн, Аруан муниципалитет райончэм карантин къыщызэрагъэпэщащ. Бетвиринар, фитосанитар кIалъыныгъэмкIэ федеральнэ кIуэлыкIуэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Улыдж Арсен** зэрыжиламкIэ, а Iуэхущ IанIэм и Iэщагъэлэпхэм 2007 гъэм Лэскэн, Аруан райончэм я щIыналъэхэр къыщапщытэм сэтей къащIащ карантин къэкIыгъэхэм хабжэкэм ящыщ зы зэрыщыIэр. А уэз ежьужьыр мы райончитIым я щIыналъэм ятlэм щыIэу щыIакъым. Иджыпстэу абы щIыуэ зэщIищтар гектар 500-м нос. Абы къыхэкIыу Управленэм карантиным и хабзэхэр щагъэзэщIэн хуей фитосанитар щыналъэм хиубыдэжэр иубыхущ. Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм къэзгъэ щащIащ ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуэ райончэм я администрацэхэм ящIыгъуу а уэз ежьужьыр гъэкIуэдыным пыщIа Iуэху псори зэфIигъэкIыну.

Правительствэм хэтхэм кьащтащ 2008, 2009 гъэхэм КъБР-м узынщагъэр хъыумэкIыкIэ и Министерствэм, къэралым, муниципалитет системэхэм хиубыдэ фельдшер-акушер пунктхэм я медицинэ лэжьакIуэхэм (фельдшер-акушер пунктхэм я унафэщIэхэм, фельдшерхэм, акушеркэхэм, медсестрахэм, патронаж медсестрахэри яхэту), медицинэ дэлэныкъэгъуэ псынщIэм и Iуэхущ IапIэхэмкIэ IэнатlэхэмкIэ я доку-тырхэм, фельдшерхэм (акушеркэхэм), медсестрахэм хущIагъу ахъшэр зыхуэдизым, ар зэрыгъэщIыкIэмрэ хабзэхэмрэ ятеухуэ Положенэр. Мазэ кьэс дохутырхэм сом 5000, фельдшерхэм (акушеркэхэм) сом 3500-рэ, медсестрахэм сом 2500-рэ хущIагъэнущ.

КъБР-м МафIэсым еБэныжьмкIэ и къэрал Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ящыщу республикэ бюджетым и ахъшэ зратхэм я лэжьапIэм и хэхъуэнущ. 2008 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ абыхэм я упахуэр хуэзгъэ 1,15-кIэ нэхъыбэ ящI.

ФинансэхэмкIэ министр **Бышан Аарэт** зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ящIащ «2008 гъэм Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр гъэзэщIэным теухуауэ зэфIагъэкIхэм. Абы куэдкIэ ехьэлIащ финансэ Iэнатlэм зэрыкIэлыплъыр гъэтIылкIынымкIэ теухуауэ Правительствэм къыщIа унафэр. Абы ипкъ иткIэ, псалъэм папщIэ, бюджетым и Iэнатlэхэм щыIэ ахъшэ псори илъэсым и кIэм ирихьэлIэу къагъэсэбэпын хуейщ. Бюджет ахъшэр зэрытегъэшам къыщыхэщыкIыну нэгъуэщI мурадхэмкIэ дяпэкIэ зыми къыхэгъэсэбэпынукъым.

- Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм и фIыщIэкIэ финансэ лэжьыгъэм щхьэзыфIэфIагъ щыхальхьэ къэхъужьнукъым, - къыхигъэщхьэкIащ **Ярин Андрей**.

Абы къыдэкIуэу, хабзэ халъхьащ ахъшэр къызэрагъэсэбэпыну щыкIэми. Ятlэ ирагъэщынущ улахуэр, компенсацэхэр, цIыхухэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр, пенсэхэр, абы кIэлъыкIуэнущ коммунальнэ Iуэхущ IапIэхэм, связым я Iуэхутхьэбзэхэм, медикаментхэм, ерыскъыпхъэхэм я уасэр, абыхэм якIалъыкIуэ ятlыпхъэ мылъкуэр къызэрагъэсэбэпыным пэкIуэ бзаджэнд уасэр, а мылъкуэр зехьэныжьмкIэ лэжьыгъэхэм, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр, транспортым и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр, нэгъуэщIхэри. Лэжьапlэгъэ ятlыну Iыхьэжьмэ нэмышI бюджет ахъшэм щыщу Iэрыпльхъэу зыри къагъэсэбэпынукъым. Муниципалитетхэм ткIийуэ отчетхэр зэрыщIэрыщIэу бюджетым къыхэкIыу къаIэрыхьэ дэтхэнэ зы кIэлейкIэри зытрагъэкIуэдам теухуауэ. Правительствэр апхуэдэу къэзгъэкIалъэплъынущ езым и унафэм щIэт республикэ Iуэхущ IапIэхэм хьэрычэт гъэжьагъэм пыщIауэ я кIэ хэжьхуэжьмэ хэщIыпхъэ и сметэкэр зэрагъэзащIэм.

Унэ зэкIэлъыкIыкIуэхэм щIэсхэр къыщIигъэIэпхъуэкIыным, фэтэр куэд хуэ унэхэр капитальнэ зэгъэзэщIыжьным ахъшэ хухахын папщIэ заявкэхэр Псэупlэ-комму-нальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм реформэхэр щегъэжьагъэкIыным фондым зэрыгат щIэкIэм зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ящIащ республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныгъэхэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Балагъы Борис** Абы кIыхьыгъэщIащ ищIыжкIэ къыщIигъэIэпхъуэгъэ мурадхэм тригъэкIуэдэн папщIэ а Фондым сом мелардым щIигъу къыIэрыхьэну зэрыщыгъуэр, ауэ абы папщIэ Iуэху пыухыкIахэр ягъэзэщIэн зэрыхуейр. Къэпщтэмэ, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я къалэнщ апхуэдэ заявкэхэр Фондым игъэуэвэ жьыгъэм ятlу и зэкIэмкIи къатыну. Дэлэныкъуэгъуэ зратыфынур фэтэр куэд зыхэт унэхэм ящыщу псэупlэр зи мылъкуу щытхэм я зэгугъэныгъэхэр процентэ 5 нэхъ зэщымынэхъ мащIэхэрщ.

**ХЬЭПЭ Мариноэ,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ.*

# ДызыхуэкIуэ мазэм

**● Махуэгъэпс**

МАЗАЕМ и 1-м

●1829 гъэм Нэгумэ Шорэ сабий нэхъ акъылыфIэхэм папщIэ школ Налшык къыщызэIуихащ.

● 1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

●1931 гъэм Москва къыщызэIуахащ Союзкино («Мосфильм») фабрикэр.

● 1931 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и яп президент **Ельцин Борис**. 2007 гъэм дунейм ехыжащ.

МАЗАЕМ и 2-м

● Илъэси 110-рэ ирокIу (1898) Франджым и Лыхъужь адыгэ цIыхубз хахуэ **Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхьу Елмэхьан** къызэралъхуэр. 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

● И ныбжьыр илъэс 60 ирокIу КъБР-м и цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Мэремыкъуэ Хьусен**.

●1943 гъэм советыдзэхэм Сталинград и деж текIуэныгъэ къыщIахьащ.

МАЗАЕМ и 3-м

● 1924 гъэм «Къэбэрдей Плъыжь» газетыр «КъэрхьэтлъкIыу» зэрахъуэкIащ.

●1925 гъэм СССР-м ятlэу радиом псэлъэн щыщIидзащ.

МАЗАЕМ и 4-м

●1935 гъэм Москва и метром ятlэ мафIэгъуэ ирикIуащ.

●1945 гъэм Кърым къыщызэIуахащ СССР-м, США-м, Инджылызым я Лыщхьэхэм я Ялтэ конференцыр.

МАЗАЕМ и 5-м

● 1927 гъэм къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ артист, Ленин орденыгъэ зыхуагъэфэща **Токъуий Хьусен**. 2006 гъэм дунейм ехыжащ.

●Илъэс 80 ирокIу КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тэрчокъуэ Исуф**. 2005 гъэм дунейм ехыжащ.

МАЗАЕМ и 6-м

●1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэмкIэ декрет ЦИК-м къыдигъэкIащ.

●1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концертышхуэ щитащ.

● Илъэс 85-рэ ирокIу КъБР-м и цIыхубэ артисткIэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхуэр.

МАЗАЕМ и 7-м

● Илъэс 315-рэ ирокIу урыс пащтыхь Аннэ Иуан и пхъур къызэралъхуэр. 1740 гъэм дунейм ехыжащ.

● УсакIуэ, ЩIДАА-м и членкорреспондент **Бэлагъы Любэ** къыщалъхуа махуэщ.

МАЗАЕМ и 8-м

●1724 гъэм Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиер къызэрагъэпэщащ.

**●Урысей щIэныгъэм и махуэщ.**

●И ныбжьыр илъэс 80 ирокIу СССР-м и цIыхубэ артист, Ленин саугъэтымрэ СССР-м и Кърал саугъэтымрэ я лауреат **Тихонов Вячеслав**.

МАЗАЕМ и 9-м

●1895 гъэм американ **Морган У.** волейбол джэгуIэр кьигуплысащ.

● 1897 гъэм Урысейм и цIыхухэм я яп кьыхэтхыкIыныгъэхэр екIуэкIащ. Абы щыгъуэ къэралым цIыху мелуани 126-рэ мин 400-рэ щыпсэуащ.

МАЗАЕМ и 10-м

● 1837 гъэм урыс усакIуэщхуэ **Пушкин А.С.** дунейм ехыжащ.

**● Пушкин А.С. и фэепIэ махуэщ.**

●Илъэс 80 ирокIу Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и агроном **Мысрокъуэ Бесльэн** къызэралъхуэр. 2007 гъэм дунейм ехыжащ.

●1937 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, Армавир дэт лингвистическэ университетым и яп ректор **Сэкий (КIаро) Риммэ Сэфрэ́Iл и пхъур**.



●1940 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, критик, публицист щIэрыIуэ **Къхуэлуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр**.

**● Граждан аэрофлотым и махуэщ.**

МАЗАЕМ и 12-м

●1929 гъэм Налшык щыпIэ мыхьэнэ зиIэ курорт хьащ.

● 1957 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыяпэ дыдэу Налшык телевиденэм лэжьэн щыщIидзащ.

●СССР-м 1961 гъэм дунейм щыяпэ дыдэу «Венера-1» станцыр иутIыпщащ.

●1944 гъэм къалъхуащ КъБР-м и Кърал саугъэтым и лауреат, усакIуэ **Къэшэж Иннэ**. 2000 гъэм дунейм ехыжащ.

МАЗАЕМ и 13-м

● 1924 гъэм Ставрополь крайр къызэрагъэпэщащ.

● Илъэси 135-рэ ирокIу урыс уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Шаляпин Федор** къызэралъхуэр. 1938 гъэм дунейм ехыжащ.

МАЗАЕМ и 14-м

●И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу къэрал лэжьакIуэ, политик, УФ-м и Федерал Зэхуэсым и Ищхьэ палатэм и унафэщI **Миронов Сергей**.

**●Фыуэ зэрыльэгъуэхэм я дунейпсо махуэщ - Валентин щихъым и махуэщ.**

МАЗАЕМ и 15-м

● 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр (союзыр) къызэрагъэпэщащ.

МАЗАЕМ и 16-м

●1571 гъэм Грозный Иван Iэ тридзащ Урысейм и яп зауэ уставым.

● 1989 гъэм советыдзэхэр Афганистаным кърашыжащ.

МАЗАЕМ и 17-м

●1600 гъэм Рим щагъэсащ Брунэ Джорданэ.

●1863 гъэм къызэрагъэпэщащ Дунейпсо Жор Плъыжьыр.

● Илъэс 85-рэ ирокIу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Кърал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Башир** къызэралъхуэр. 2006 гъэм дунейм ехыжащ.

МАЗАЕМ и 18-м

●1924 гъэм Налшык Ленин еджапIэ кьалэ цIыкIур къыщыIэуахащ.

**● Транспорт милицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ.**

МАЗАЕМ и 19-м

● Илъэси 135-рэ ирокIу (1873) сабий дохутыр цIэрыIуэ, Ленин саугъэтым и лауреат **Сперанский Георгий** къызэралъхуэр. 1969 гъэм дунейм ехыжащ.

●1954 гъэм Крымыр Урысейм хагъэкIри, Украинэм иратащ.

●1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хъэршым иригъэтIыпщхьащ.

МАЗАЕМ и 20-м

● 1940 гъэм Налшык Iэфлыкlэ фабрикэ къыщыгъэIуахащ.

● 1942 гъэм къалъхуащ УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Кърал саугъэтым и лауреат, композитор **ХьэIупэ Джэбрэ́Iил**.

МАЗАЕМ и 21-м

●1819 гъэм Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэIуахащ.

**●Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ.**

МАЗАЕМ и 22-м

●1944 гъэм Тамбий Владимир Совет Союзым и Лыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

●1957 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м и Президент, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Кьанокъуэ Арсен Башир и къуэр**.

**●ЩIэпхъаджагъэм и лей зытехьахэм кьащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ.**

●1941 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми КъШР-ми я цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Гъуэт Хьусин.**

МАЗАЕМ и 23-м

● И ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокIу композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Кърал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зыгъа **Кьардэн Хьэсэн Екъуб и къуэр**.

● Илъэс 85-рэ ирокIу КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Хэку зауэшхуэм ныдэжьу хэта, орденитхуи къыщыхъыха **Пащты Сультан** къызэралъхуэр. 2008 гъэм дунейм ехыжащ.

●1942 гъэм Кьардэн Къубатий Енкин орден кьратащ.

**● Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ.**

МАЗАЕМ и 25-м

● 1745 гъэм къалъхуащ флотым и адмирал, лъэпкъкIэ адыгэхэр къызытещIыкIыжа кIэсэгу Ридадэ пщым и деж зи къуэпсыр къыщежьэ **Ушаков Федор**. 1817 гъэм дунейм ехыжащ.

●1916 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и яп ректор икIи иджыпсту зи цIэр зэрихьэ **Бэрбэч Хьэтlутlэ МутIэ и къуэр** 1965 гъэм дунейм ехыжащ.

●1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин Нахьуэ и къуэр**.

●1946 гъэм Дзэ Плъыжьыр советыдзэу зэрахъуэкIащ.

●1956 гъэм Хрущев Н.С. КПСС-м и XX съездым личностым и культым теухуауэ доклад щIащ.

МАЗАЕМ и 26-м

●1712 гъэм Петр I и унафэкIэ Тулэ щахуха Iэщэ заводыр къызэIуахащ.

●И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу адыгэ сурэтыщI, Iуэрыlуатэм елэжь **Гъукlэ Замудин**.

МАЗАЕМ и 27-м

●1945 гъэм **Мэсей Асльэндэрэй** Совет Союзым и Лыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

●1941 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми КъШР-ми я цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Гъуэт Хьусин.**

МАЗАЕМ и 28-м

●И ныбжьыр илъэс 50 ирокIу мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМА-м и ректор, политик, КъБР-м и Парламентым и депутат **Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэм**

МАЗАЕМ и 29-м

●1223 гъэм монголыщIэкIу Джэбэрэ Субэдейрэ я дзэр Кавказ Ищхьэрэм кьиужьгъащ. Ахэр нэхъыбэу зыльэIэсэр осетинхэмрэ адыгэхэмрэщ.

●1923 гъэм Налшык «Чинар» заводыр щаутIыпщащ.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

**• Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ**

## Хэкум и хъумакIуэм и щапхъэ

Дэтхэнэ зы адэ-анэми я гуапэ мэхъу я бынхэм ятеуухуа щытхъу щыIэхахкIэ. Апхуэдэу иджыблагъэ къаIэрыхьа фIыщIэ тхыгъэм игъэгуфIащ Аушьджэр щыпсэу Урысхэ Уэлийрэ Лариса Iэ я унагъэр. Ар кьыбгъэдокI я куэд нэхъыжьхэ Хьэчим и дзэ къулыкъыр щрихьэкI, связькIэ батальон щхьэхуэу Владикавказ дэтым и командир гвардием и подполковник бащулэ В.

«ПщIэ зыхуэтщI Урыс Уэлий Сультан и къуэ!

Дзэ частым и унафэщIхэм къыдбгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI фи щIалэм гъэсэныгъэ дахэ зэрыбгъэдэфIыхьам щхьэпIэ.

Урыс Хэкум цIыху пэщIэ, хабзэ зыхэль зауэлIщ, дзыхь кьыхуащIа Iэщэр Iэ́эу кьеГъэсэбэп, частым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм жьыджэру хэтщ. Щапхъэ кьигъэльагъуэу и дзэ кьалэныр зэрырихьэкIым, гупгъуехьым кьыпимыкIуэту зэрыщыгытым папщIэ абы хуэфащэ пщIэ кьыхуащI кьулыкъу кьыдэзыщIэхэмрэ унафэщIхэмрэ.

Ди фIэщ мэхъу фи щIалэр дяпэкIи Хэкум и хъумакIуэм и щапхъэ зэрыщыгытынур».

Адыгэ хабзэм и тет, пщIэрэ нэмысрэ зэрыль Урысхэ я унагъуэм сабиищ щызэдапIащ. Хьэчим нэхъыжьщ, курыт адэкIэ ирагъэкIуэ нэужь дзэм ираджащ, мы гъэм и бжьыхьэм и унэ кьеКIуэлIэжьнущ. ЩIалэ нэхъыщIэ Тхъэшы мы гъэм щколыр кьеух, я щыпхъу закъуэ Марие́ еянэ классым щIэсщ.

Унагъуэм я нэхъыжь Уэлий бзджэндырылажьэщи, и щхьэгъуэщ Лариса сабийхэри ялъэкI кьамыгъанэу доIэпыкъу.

**МЭЗКУУ Кьанщобий.**

**●Бэнэкlэ хунт**

## Иджы япэу

**Аргудан къуажэм щекIуэкIащ Iэскэн районым бэнэкIэ хунтымкIэ и командэ къыхэхам хагъэхьэнухэр щагъэбелджылащ зэпеуэ.**

АБЫ щызэхуэзат Анзорей дэт 1-нэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школымрэ хэгъэрейхэм я ДЮСШОР-мрэ я гъэсэныгъэ.

Гупхэм я зэпеуэм Аргуданым ейр щытекIуащ.

Зэхьэзэхуэм кьрикIуэм ипкъ иткIэ, куейм и командэ къыхэхам спортсмен пщыкIэ хагъэхьащ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIышылэм и 25-м Бахъсэн кьалэм щригъэкIуэкIа республикэ зэпеуэм я зэфIэкIыр щагъэльагъуащ куейм и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэу Шагьир Аскэрбийр (кг 42), Тlэш Мухьэдин (кг 46), Iэрэмысэ Азэмэт (кг 85), ХьутIэжь Амир (кг 100), Мэсей Кьанэмэт (кг 120), нэгъуэщIхэми.

Мыр кьыхэдгъэщынут: Iэскэн районым щIэрыщIэу къызэрызэрагъэпэщыжьрэ бэнэкIэ хунтымкIэ абы и командэ къыхэхар апхуэдэ зэIущIэхэм иджы япэу кIуаеу ящI.

**НАСЫП Заирэ.**

**● Социальнэ зыужьынигъэ**

## Къалэнхэр куэдми, полъэщ

**Цыхухэм социальнэ зыужьынигъэ ёгъэгъуэтыным теухуауэ Лэскэн район щIыпIэ управленэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI.**

КъУДАМЭХЭМ ящыщ зым и унафэщI Абдулхьэлькъ Люсэ и Iэщ Iагъэкlэ дохутырщ, илъэс 18 хуауэ и Iэнатlэм хьэлэлу бгъэдэщ. Къудамэм щыхуиплI щолажьэри, псоми Iуэхум фIыкIэ хуэзыкIыжьыкI. Ахэр зыдэлажьхэр куэд мэхъу: Хэку зауэшхуэм хэтахэр, зауэм зи щхьэгъусэ хэкIуэдахэр, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэр, сабий куэд зиIэ анэхэр, ди къэралым къыщыщIэуа насыпыншагъэхэм хиубыдахэр.

Илъэс кьэс хуэдэуи, санаторэхэм, зыщагъэпсэху лагерхэм сабий кIуапхъэр ягъэбелджылы. Нэгъабэ зыдэлыкIуэгъу ягъэтащ: ныбжьыщIэ 600-м щIигъуи. Сабий куэд зэрыс унагъуэ хуэмыщIауэ 30-м нэсым ядэIэпыкъуащ. Ныкъуэдыкъуэу куейм исхэм я махуэ ирагъэкIуэкIащ.

ФIыщIэ яхуэфащэщ абыкIэ Лэскэн куей администрацэм и унафэщI ЛIыхъужу Хьэжмурид, управленэм и нэхъыщхьэ Сэбанщы Аскэрбий, ветеранхэм я советым и тхьэмадэ АфIэунэ Мухьэдин сыщ.

**ТОХЬУТОМЫЩЛанэ.**
*Анзорей кьужэ.*

**● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр**

**Къэбэрдейм и унафэщI Къалмыкъ Бетlал** *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ етIуанэу щысырщI)* **Реввоенсоветым хэтхэм я гъусэу.** *Сурэтыр 1921 гъэм трахащ.*

**● Бокс**

## Зэхьэзэхуэр къызэIуах

**Щышылэм и 24-м Щэджэм кьалэ кьыщызэIуахащ 1992-1993 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм я республикэ зэхьэзэхуэ. Ар махуиплIкIэ екIуэкIынущ икIи щышылэм и 27-м нухьыщ. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ КъБР-м боксымкIэ и федерацэмрэ КъБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и комитетымрэ.**

ЗэХЬЭЗЭХУЭМ щыбэнэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм, кьалэхэм кьикIа спортсмен 70-м щIигъу. Абы хэм яхэтщ Урысей псом, Европэм щекIуэкIа зэIущIэхэм щытекIуахэр, боксымкIэ УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьэну зыкIэлыплъэр. Медалхэр ягуэшынущ хьэльагъ 14-мкIэ.

ЗэIущIэхэм я судьяхэ нэхъыщхьэщ УФ-м щыхь зиIэ и тренер КъБР-м и Къэрэдэ Анатолэ. Апхуэдэу судьяхэм яхэтщ КъБР-м боксым и лъабжьэр щызыгъэтIылъа, международнэ категорием и судья Метревелли Петр.

НыбжьыщIэхэм я республикэ зэхьэхуэр зэрекIуэкIам, абы кърикIуахэм ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ЖЫЛАСЭ Заирэ.**
*Сурэтыр* **ЕлЬКЪАН Артур** *трихащ.*

**●Футбол**

## ГубгъуэщIэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Урысейм футболымкIэ и зэгухьэныгъэм и унафэщI Мутко Виталийрэ 2007 гъэм зэгурыIуэныгъэ зэращыдIауэ щытащ КъБР-мрэ Урысейм футболымкIэ и лъэпкъ академиемрэ зэрызэдэлажьэнымкIэ.**

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ ипкъ иткIэ, ди республикэм и къалэхэмрэ куейхэмрэ я топ джэгупIэшхуэхэр, мини-футболымкIэ зэпеуэ щекIуэкI губгъуэу пщIы бжьыгъэхэр «Iэрыщ» щыкIэм тету ягъэхьэзырынущ. Абы щыщу тхур нэгъабэ ягъэхьэзыращ: Налшык и «Спартак», Бахъсэн и «Щалэгъуэ» стадионхэр, КъБР-м и щыхьэрым дэт 31-нэ еджапIэмрэ Бабугент курыт школымрэ я топ джэгупIэхэр.

Бельгием щагъэхьэзыр «Iэрыщ» губгъуэр 2008 гъэм тыгъэ зыхуащIынуэм ящыщщ Псыгуэнэу дащIыхьа спорт комплекс инри.

**ЖАНХЪУЭТЗуэ.**

# ХьэтІохъущыкъуейдэс Джэдгъэф Хъусен фегъэцІыху

## КъэкІыгъэ хущхъуэхэр

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр № № 11-13-хэм итщ).*



### НащэгъэфІэІу (Укроп пахучий)

Пэжщ, а удзым нащэ
ЫрыдогъэфІэІу,
Ауэ нэгъуэщІ фІагъкІи
Абы зыкъегъэІу.
Зэзым мывэу хэлъыр
Абы къыхегъэкІ,
КІэтІийм е уи шхалъэм
Узхэр щхьэщегъэкІ.
Уеблэмэ, уигу къуэпсхэр
Быдэ ныпхуещІыж,
Шхыным уигу хуэмыкІуэм,
УфІэІэфІ ещІыж.
И жыли и тхьэмпи
Мэ дахащэ пех,
Шхынхэм ар хэпльхьамэ,
ДахагъкІи зыкърех.
Хадэхэм тынш дыдэу
Ар куэдыжьу щокІ,
Къэвмыгъэсэбэпу
Зы гъи блэвмыгъэкІ!

### ЩІыфэгъэдахэ (Чистотел большой)

ЩІэ-плІэ мэгъагъэ зы гъэм
Зи гугъу фхуэсщІыну удзыр.
ФІэзыщаи щыІэщ
хьэмцІыракІэгъэгъу,
«ШейтІанІущхьэ» жиІэу
фІэзыщай дольагъу.
Ар езыр уеплъамэ,
дыщэ тхьэгъуу дахэщ.
Къыщокі ар бжыхьыбгъуэм,
мывэкъалэ гъабжьэм,
Хущхъуэр нэхъ ебэкІыуи
хэлъщ абы и лъабжьэм.
Йод фІэкІ умыщІэнуи
и удзыпсыр гъуэплъщ,
Щыфэу зыльэІэсри
ещІыр занщІэу цІыплъ.
Щыхуэ щІыфэм,
сытхэр плъагъуу къытекІами,
Е уи дзэхэр узу уи дзэлхэр бэгами.
Егъэхъуж уи зэзым мывэ ирищІами,
Е жьэжьейм, тхьэмбылхэм
пшахъуэ сыт хищІами.
Мыз е мытІ апхуэдэу
хущхъуэ ар зыхуэхъур,
Тхьэшхуэм ар удз хущхъуэу
кьигъэщІау къысщохъур.
ЩывгъэкІ ар фи унэм,
тету щхьэгъубжащхьэм,
Е щыхэфсэ хадэм,
уи щІым нэхъ и гъунэм.
Ущыхуей сыхьэтми ар къэгъэсэбэп,
ШейтІанІущхьэр, фльагъукъэ, куэдым
хуэкъу сэбэп!

### Епэр (Фиалка трехцветная)

Сыту удз дахащэ-тІэ епэрыр,
И щэр жыпІэм пфІощІ кьыпщІихьэ и мэр.
Зэмыфагъущи епэрым и кьапщІийхэр -
Хэт фІыцІэшакъафэщ, хэт гъуэжьыфэщ.
Ипкри зэхэтщи гуэрэн дахэу,
ЩІотэджькІ уэс щагъым зыкъраххэу
И мэ дахэр мэз псом кьыщыпщІехьэ,
Хущхъуэгъуэуи Іэджэ тхуэзрехьэ.
Ар зэкъэлІэ псчэ уз къоуалІэмэ,
Е уи кІуэцІым мывэ ирищІамэ.
И хущхъуэфІщ ар гъуэжь уз зэуэлІам,
Зи Іэпкытьэпкъхэм шыгъу лей ныдищІам.
Къэбгъуэтынум кІуэ мэкъуплэм, хьупэм,
УзришэлІэнущ езым и мэм.
Кьытхуогъагъэ, щІедзэри гъатхэпэм,
И лъагагъкІэ къосыр уи лъэнкІапІэм.

### ШейтІанІэпэ (Первоцвет лекарственный)

ФІащащ абы шейтІанІэпэ,
Ауэ жысІэнт дыщэІэпэ.
И зы тхьэмпэм хущхъуэу хэлъыр
Я нэхъ лІышхуэм хурикъунщ.
Витамину С пхуэныкъуэм
Ар зэпхьэлІэм зыбгъэнщІынщ.
И дахагъыр сытым хуэдэ -
Дыщэ тхьэгъущ,
И мэ гуакІуэм уепэмами,
Фо текІауэ кьыпфІэщІынщ.
Шхы ухуейм зэрыщІынэу,
ЩІыІэр уи тхьэмбыл кьеІам,
Хъунущ гъабжьэри бгъэтІылъ,
Къабзэуэ гъэгъуауэ щыгъэлъ.
Ґьатхэм пасэуи мэгъагъэ,
Нэр щыджылыуи данагъуэщ.

### Жызум (Виноград)

ЖаІэ «и псым хэльщ фошыгъу»,
Ар гу къуэпсми и хущхъуэгъуэщ.
Ґльы зи мащІэм ирагъэшх,
Мыжьэу, ямыгъавэу яшх.
�щыбгъэтъынум - яхьыр щІыІэм,
ЩІэлъхьэ ар щІыунэ щІыІэм.
Жызумыпсри мэжьу кьыщІэпху,
Ефэ уи гум зигъэнщІыху.
Ар щІыхуабэми ди жьауэщ,
Кьуэпсхэм дэнкІи зауфэбгъу.



### Щхъуэмчжыг (Каштан съедобный)

Метр плІыщІ лъагагъкІэ ар докІей,
ЛитІ Іэплакіуи мэхъур и лъэдийр.
И фэр щхъуабзэщ, быдэщ, зэгуэмыч,
Абы щхьэкІи ныфІащащ щхъуэмч.
Ар зэбгъащІыхунум кІуэ Псыжь Іуфэ,
Тенджыз фІыщІэм куэду щоуфафэ,
Дэуэ къыпыкІэм кІэ имыІэ,
ФІыуэ ґъуауэ пшхыну нэхъ ІэфІ щыІэ!
Псчэм, жьэн узым ар хуэхъунущ хущхъуэ,
Іэфыкі зэхэптьхьэм тІэкІу хэґъащхъуэ.



### Къэрабэ (Одуванчик лекарственный)

Гъатхэ пасэм, уэс нэужьым
Кьытхуогъагъэ дэ къэрабэ,
Сэхураныщхьэу гъуэжьщ и теплъэр,
УеІусам, пфІэщІынщ къэдабэ.
Ар щыгъагъэм и нэкІу гъуэжьыр
Дыгъэ нэпсым хуэІуех,
Дыгъэр къухьэм, жей кьыпфІэщІу
НапІэ лъэпкъм зэтримых.
Ар езыр уэ къэбгъуэтынум,
Нэхъ псы Іуфэмкі зегъэхь,
Хущхъуэу хэлъыр кьыхэпхынум,
Лъабжьэ дыдэр кьичи къэхь.
Зэзым хэлъу щытым мывэ,
Абы и псым егъэхъуж,
КьыпхущІэхумэ и дагъэр,
МафІэ сыгъэр егъэкІыж.
Уеблэм шхалъэ уз, нэгъуэщІхэм
Іэджэм ар я хущхъуэфІ дыдэщ,
Ауэ сытми губгъуэм иту
УІупльэнуи дахэ дыдэщ.



### Зэрыджэ (Плод калины)

СокІуэ куэдрэ зэрыджэкъэ,
Кьыззэрысу ди деж бжьыхьэр.
Ар къэзгъуэтмэ, сошх сыпІащІэу,
Щрет хуейми тІэкІу хэґущІэу.
Нани хуэсхьрэ Іэрызгъэхьэм
Зэрыджэпсым фо охухелтхьэ.
Сыпсчэ хъумэ, снґъэшхыну
Ар щІымахуэм схуэзрехьэ.





### Шыгъулдейхэр (Черника, брусника, голубика)

Шыгъулдейхэр - ар езыхэр
Жыг гъурц лъахъшэ цІыкІущ.
ФІыцІэу, плъыжьу, къащхъуэу
КъапыкІаэхри егуэш.
Черникэ, брусникэ,
Голубикэ фІащащ.
Я фэхэр зэмыщхьци,
Щыгъэ хъурей пызщ,
Къыщыпхыну и гъуэри
Бжьыхьэ хуегъэзэкІщ.
Жыг цІыкІухэр бгъуэтынущ -
Къущхьэхъу гъуэгукІэ дэкІ.
Мывэ къырхэм нэхъ кІэрытщи,
ЗыщыгъэнщІ абдеж.
Ар и хущхъуэщ кІэтІий узым,
Тэмакъыдзи егъэхъуж.



### Гыныху (Хрен)

Уедзэкъам, пфІэщІынщ бжьыныху,
ТІэкІу уи нэпси кьыпфІыщІеху.
Ещхыщ и теплъэр хьэндыркъуалъэм,
Ауэ ар мыхьэндыркъуалъэ.
А гыныхур гъабжьэ гъумщ,
Пхъышхуэ кьыпыкІау пфІэщІынщ.
Ар и лъабжьи ипкъи кьащти,
Зэрыщыту хущхъуэ защІэщ,
Шыбжий папщІэу инкъуКІэ гуакІуэщ.

## Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

### Островскэм и пьесэкІэ

*къыззІуахащ «Мастерская Петра Фоменко» зи фІэщыгъэцІэ театрыщІэр.*

«БЕСПРИДАННИЦА» спектаклыр игъэувыну ильэс зыбжанэ хьуауэ и гум ирильхьат Фоменкэ Петр. Иджы ар щагъэлъэгъуэн папщІэ цІыху 400 фІэкІа зыщІэмыхуэ пэшыр зэвыІуэу къыщІэкІащ. Спектаклыр утыку кърахьэным иджыри махуэ зыбжанэ иІэт, афишэхэм «билет щыІэ жкъым» жиІэу щытетым.

### И гъащІэр гъуазджэт

*Иджыблагъэ екІуэкІащ актер, музыкант цІэрыІуэ Михоэлс Соломон и фэеплъу къыззрагъэпэща дунейпсо фестивалым и XII зэІушІэр.*

МЫПХУЭДЭ зэхьыхьэхэр ирагъэкІуэкІыну къыхэзыльхьауэ щытар Урысейм и цІыхубэ артист, композит ор Глуз Михаилщ. Фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриІэр къегъэльагъуэ Урысейм и щыналъэ куэдым, нэгъуэщІ къэралхэм щыщ артистхэр, гуп щхьэхъуэхэр сыт щыгъуи абы къызэрырихьэлІэм. Пужырей зэІушІэм хэтащ ди къэралым, Америкэм, Израильым, Франджым, Инджылызым, Австрием, Италием, Бельгием, СНГ-м, Балтием я музыкант, театр гупхэр. Абыхэм зыкъыщагъэльэгъуащ къалэшхуэ куэдым я утыку нэхъыфІхэм.

### Скрипачым и концертхэр

*Москва дэт консерваторием и зальшхуэм иджы ипэ дыдэу концерт щитащ скрипач Барати Кристоф.*

ВАЛФСОН Эдуард и гъэсэныр Елизаветэ пащтыхь гуащэм и цІэр зэрихьэу Брюссель щекІуэкІа зэпеуэм щытекІуауэ щытащ, Италием, Париж сауГъэтхэр къыщихьащ. Москва Барати утыку къыщрихьащ Бах Иоганн скрипкэм щхьэкІэ итха сонатэхэр. ЭкІэльхьэуэжьу бгъэззщІэнкІэ Іэмал имыІэу куэдым кьащыхъу а лэжьыгъэхэр Барати тельыджэу игъэзэщІащ.

Апхуэдэу Страдивари и цІэр зезыхьэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ ар ирагъэблэгъащ «Триумф» галереем. Абы щита псапащІэ концертым кьыпэкІуа ахъшэмкІэ сабий сымаджэщым иджырей медицинэ оборудованэ кьыхуащхунущ.

### Домрэм и фестиваль

*Урал къэрал к консерваторием щІэхщІэхыурэ щокІуэкІ лъэпкъ макьамэ Іэмэпсымэхэм я пшыхьхэр. Пужырей апхуэдэ зэІушІэр домрэм траухуат.*

АБЫ УТЫКУ кьыщральхьащ Урысейм щІыхь зиІэ и артист, консерват орием цІыхубэ макьамэ ІэмэпсымэхэмкІэ и кафедрэм и профессор Уляшкин Михаил и гъащІэр. Илъэс 30-м щІигъуауэ и Іэпэгъу домрэм и щыхьІэ зэхьыхьа зэІушІэм абырэ и гъэсэнхэмрэ зэфІэкІышхуэ щагъэлъэгъуащ.

### Тхылъым куэд дехьэх

*Челябинск къалэм и библиотекэщІэр кьыщызэІуахым мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьахьащ: сабийщым щыщу зыр, балигъыу блым щыщу зыр тхылъхэм дахьэх.*

АБЫКІЭ, шэч хэмылъу, сэбэп мэхъу мы къалэм библиотекэу 47-рэ зэрыдэтыр, абыхэм я тхылъ гъэтІылъыгъэхэр мелуани 2-рэ мин 400-рэ зэрыхъур. Нэхьащхьэращи, челябинскдэсхэм ящыщу цІыху мин 200-м щІигъур библиотекэхэм я щІэджыкІакІуэщ.

### Театр Иныр - Париж!

*Щышылэ мазэм Франджым и къалащхьэм йоблагъэ Театр Иныр. Пале Гарнье и сценэм абы щигъэльэгъуэнущ Петипа Марпус и «Корсар» спектаклыр, Ратманский Алексейрэ Бурлакэ Юрийрэ 2007 гъэм ягъэувар.*

ПАРИЖ цІыхубэ оперэм и унафэщІ Лефевр Брижит телевизорымкІэ жиІакІэщ «Театр Иныр Париж кьыззрыкІуэр узыщыгуфІыкІ хьун Іэхугъуэшхуэу зэрыщытыр».

*Зэхуэзыхьэсар*
**ИСТЕПАН Залинэщ.**

**● Гу зылъытапхъэ**

### ТекІуэныгъэхэр зэрыдгъэлъэпІэнум теухуауэ

Абхъазым щыззуахэм я зыгухьэныгъэм мазаем и 16-м сыхьэт 11-м Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и унэм зІуущІэ щригъэжьуэкІынущ. Абы щытепсэльыхьынущ Къэжкал зауэр идъэс 300, Абхъазым и текІуэныгъэр илъэс 15 зэрырикъур щагъэлъэпІэнум зыхуэгъэхьзырыным.

ЗэІушІэм ирагъэблагъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэухьтэныгъэхэмкІэ я институтым и лэжьакІуэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакІуэхэм гущІэхьІэ ящыхъуащ институтым и щІэныгъэлэжьакІуэ нэхъыжь, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Махьсидэ Анатолий Ахьмэд и къуэр** зэуэззэпсэу зэрылІар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

## Гъуэмбым укъизыхуам укъелъыхъуэ

● ГушыІэ

Зы лІыжьрэ зы фызыжьрэ бын ямыІэу я закъу эу псэурт. Фызыжь цыкІуР апхуэдизкІэ жьейти, лІыжь цыкІум и щхьэр иригъэужэгъуаУэ здэкІуэн ищІэжьыртэкъым.

Махуэ гуэрым лІыжь цыкІум и щхьэр дихри дэкІаУэ кьыздиджэдыхьым, гъуэ куу гуэрым хуэзащ.

- Мы фызыжь цыкІур мы гъуэм издзэрэ, зищІэжьыху изгъэсмэ, сыт кьэхъуН? – жиІэри егупсысащ, къжІэужьри, и фызым жриІащ:

- Гъуэмылэ тІэкІу сХуэщІ, гъуэ гуэрым быдзэ изу ильу кьэзгъуэтащи, пщэдей сыкІуэнурэ кьисхынущ.

Фызыжь цыкІум гъуэмылэ ищІри гъуэлъыжащ. ПщэдджкІыжым лІыжь цыкІум гъуэмылэрэ кІапсэрэ кьищтауэ щыщІэкІым:

- Догуэ, сэри сынэкІуэнурэ кьисхынуц а дыщэр. Уэ мы кьхъэмывзм псори кьІитхынукъым! – жиІэри, фызыжь цыкІур и лІым нужь иуваш.

ЛІыжьри арат зыхуэйри, ущу макІуэжэр. Гъуэм щхьэщыхьэри, лІыжь цыкІум кІапсэр и бгым ириищІэу щиндзащ, мащэм еІнуэ зыльуэ:

- Сэращ мащэм ехынур, къащтэ мыдэ кІапсэр! – жиІэри фызыжь цыкІум кІапсэр кьыІэщичщ, езым и бгым ириищІэ, и кІапэр лІыжь цыкІуэм иритри ехащ.

-Къэуті ЫпщІ жиІэм, мыдрейм иутІыпщурэ кІапсэр иухащ.

- ТІэкІу уэзыщІэгупсысыжкІуж иС абы! Уи хьэл Іейр зыхэбнмэ, укъисшыжьынщ. Мыр уи гъуэмылэщ, - жиІэри, ари хуридзыхри, лІыжьыр кІуэжащ. Зы махуи, махуитІи, махуищи дэкІащ, лІыжь цыкІур щІегъуэжащ.

- ТхьэмыщкІэм лей есхащ, езы Іимансызым зищІэжаГъэнщ, - жиІэщ лІыжь цыкІуми, кІапсэ кІыхь кьищтэри кІэщ. Гъуащхьэм Іухьэрэ даГуэмэ, мащэм Іейуэ зІыаГуэу макъ гуэр кьоІукІ:

- Тхьэм щхьэкІэ мы мащэм сифш, абыкІэ кьыздэІэпыкъум хуэзмыщІэн щыІэкъым! – жиІэрт макъым.

- А-а, зыпщІэжащ, тхьэмыщкІэжкъ мыгъуэ, зыхьыкІэрыщІэ мы кІапсэми, сэ укьисльэфыжкьинщ! – жиІэри, лІыжь цыкІум кІапсэ кІапэр иридзыхащ.

КІапсэм зыгуэрым зыкъыкІэрищІауэ лІыжь цыкІум кьрелъэф. СкІыгъэм, кІыгъэм, къеІэуэрэ кьрилъэфмэ – благъэщ.

Благъуэр щилъагъум, лІыжь цыкІур кьэмэхащ. Благъуэри и гъуэм иплІэжу гъуащхьэм щхьэщытІыхьэжащ. Зэман дэкІри, лІыжь цыкІуР кьиІэщІыщ, зыщІэ и бгым ириищІэ, и кІапэр лІыжь цыкІуэ си хэщІапІэт, ауэ махуищ и пэкІэ зыгуэр нихьауэ среукІыхь, срешхыхь, псэхугъуэ кьызитыркъым, сигъэжейркъым. Уэ сыкьыІэщІэбгъэкІащ а бзаджэмэ, щэней укьыІэрыІэзлъэІуР пхуэсщІэнуц! – жиІащ благъуэм.

- Сумыцх закъуэ, сэ нэгъуэщІ зыри сыхуейкъым! – жиІэри лІыжь цыкІур и унэ кьэдІэжащ.

Благъуэр хуиту дунейм кьытехьа хъуати, кьуажэм я псыр иубыдащ.

- Кьуажэр псы щхьэкІэ зэтезгъэлІэнкъым, сызэрелъэІур кьысхуищІэну сыкьыщигъэгъугъакІэ, - жиІэщ лІыжь цыкІуми, благъуэм псыр кьригъэУтІыпщыжащ.

Псыр псоми кьраГъэхъуа нэужь, аргуэру иубыдыжащ. АпхуэдэуэрэІ лІыжь цыкІур иджыри благъуэм тІэу ельэІуащ.

- Дунейм сыт и Іэмал мыбы! – егупсысащ лІыжь цыкІур, ещанэуи благъуэм псыр щиубыдыжым.

Гупсысэщ-гупсысэри, аргуэру благъуэм деж кІуэну ежьащ.

Благъуэр кьаплъэри, лІыжь цыкІур кІуэуэ щилъагъум, кьегуоуащ:

- ЕІ, лІыжь цыкІу, уи лъэІур щэнейрэ пхуэзгъэзэщІэну укъэзгъэгугъати, си псальэр сІыгъыжащ. Абы фІэкІа укъэмыкІуэ, усшхыну! – жиІэри.

- Сэ сынолъэІуну сынакІуэркъым. Уи гъуэм укьизыхуар кьиІаУэ укьелъыхьуэри, абыкІэ хъыбар уэзгъэщІэну аращ! – щІэжиІэм, благъуэр гужьеяуэ щІэпхъуэри, бгым щІыхури иукІащ.

Кьуажэм псыр хуиту яГуэтыжащ. ЛІыжьми и фызыжь цыкІур гъуэм кьрищыжауэ, Іэсэхьуауээрэ допсэу.

**КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыу.**

● Къуажэхьхэр

## Макъкіэ унэр зыгъэхъей

❖ЗэкІуэщІыпхъэмэ, Іэгу из, зэкІуэщІыпхъэмэ, щІыфэ щыз.

❖Зэм пшэр мэхъу, зэм уэд мэхъу, макъкІэ унэр егъэхъей.

❖Зи къуэпсыр дуней псом льэІэс.

❖Зи лыр зи кІуэцІу, зи къупщхьэр зи щІыфэ.

❖Зи пэр гъущІ, зи щІэр пхъэбгъу, зызыгъэщІ, зызыгъэщхъ, фЫцІэр плъыжьу Іузыльыкі.

*Жуэлтхэр:*

*Іуэмэхьэм Іиванэ Дыгъэ*
*Дзэмбгъэ Щомбокъуэ*

● Нэщэнэхэр

## Пщыхьэщхьэм унэ япхъэнкІкъым

●НапІэр хэльэтмэ, хэт мэгуфІэ, хэт и жагъуэ хъун зэхех.

●Нартыху плъыжь дыхэпсэмэ, гъавэр бэв мэхъу.

●Нэр шхэмэ, угъунущ.

●Псыр здежьхымкІэ уи щхьэр егъэзыхауэ ужеину фЫкъым.

●Пхъэщхьэмыщхьэр хьэпІацІэуахуэ мыхъун папщІэ, жыгым мывэ гъуанэ кІэращІэрт.

●Пщыхьэщхьэм унэ япхъэнкІкъым, пхъэнкІни ирадзкъым.

## Гуащэм и пщэрылъхэр

● Хабзэ

«БжызоІэ, си хъыджэбз, зэхэщІыкІ, си нысэ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Абы къикІыр сыт щыгъуи нысэм ухуэсакъыу зэрыщытын хуёйрц. Нысэу щымыта гуащэ хъужькъым.

Нысэм, хъыджэбздзэу и гуащэ щисыжым, зы хьэл-щэн иІащ, къызыдэкІа жьэгум дзлъ зэхуцытыкІэхэми есащ. А псор иджы зэрыхьа унагъуэщІэм щызэкІу зэхэтыкІэм, хабзэхэм темыхуэнкІи мэхъу. Гуащэр нысэм зэуэ телъадзу «хабзэмыщІэ», «мыгъасэ» фІимыщу, къызэрыхьа унагъуэм я щыІэкІэпсэуКІэм хуэм-хуэмурэ нэІуасэ хуищІын, ищІапхъэ-имыщІапхъэхэм хуитъэсэн хуёйуэ къытоХуэ. Ар емышу, шыІэныгъэ хэлъу зыгъэзэщІэфым нысэфи иІэнущ. ПсорИ зыщІэу унагъуэ ихьэ нысэ щыІэкъым. Нысэр къызыбгъэдэкІа и анэм хуэдэ дыдэ мыхъуфми, мыфэрыщІыгъэу, гумрэ псэмрэ я къабгъэдэкІыу нысэр «си анэкІэ» («мамэкІэ») зригъэджэфмэ, гуащэри тыншынущ, унагъуэ гукъеуи хэтынукъым. Нысэ щІэпхъэжьыгъэр нэхъыбэу къызыхэкІыр а зыгъэпсэфыгъэ хуэдэу и гуащэр къызэрыхуцыныгъщ.

Хьыджэбзыр унагъуэ щихьэкІэ нэхъыжьым пщІэ зэрыхуищІыну, Іыхьлыхэм зэрахущытыпхъэри, гуащэ-тхьэмадзм ехьэлІа къаланэхэр ищІэу щытмэ, фІы дыдэщ, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьэхъкІыу псори а хабзэхэм щыгъуэзэкъым. Апхуэдизкъым дежи гуащэм нэрыбгэ щІыкІум имыщІэмрэ хуэзэфІэмыкІымрэ дзы ищІу, уэрам псалъэу иримыхьжьэжу нысэр зэрыхуэкІэ игъэсапхъэ.

Пхъур нысэм яПэ зэрибгъэщІыр къэбгъэльэгъуэныр кьэкІуэкъым. АпхуэдизыщІэ гуащэм кьуанщэзыщхуэ елъэж, ар нысэм гуэрыдзэ езыгъэщІ Іузхущ. Пэжщ, Іэджэрэ кьохьу псоми зэхуэдзу гупльитэ щахуямыщІыф, ауэ апхуэдзм деж нысэм уеЩэнджэщу, жэрдэмыр езы цІыкІум къыбгъэдэкІыу бгъэпсэмэ, кудкІэ нэхъ акъыли хэльщ, Іузхури тэмэму зэфІэкІынущ. Сэ чэнджэщзгъу сыщащІакІэ хамэу салъытэкъым, ущІэ къысхуащІ», – жиІэнурэ нысэри нэхъ гушхуауэ, и гур зэІуХауэ унагъуэм яхэсынущ.

Нысэм и быныр гуащэм дипІынЫр и кьалэн пажэщ. Нысэм сабий бгъэдыхьэкІэхэр, кІэлъыплъыкІэхэр езыгъэлъагъупхъэр, а псоми хуэзыгъэсапхъэр гуащэрщ. Сыт хуэдэ унагъуэ Іузхуикіи гуащэм нысэм зыщІигъэкъуэмэ, ар гуапагъэ къэзыхьщ. Іузху кърахьэжьам и кІуэрабгъуэ къызэрищІэу, езы нысэм акъыл гуэр иІэхэмэ, жиІэнущ: «Жьыщхьэмахуэ ухьу, сыбгъэльэгъуащ, къыздэбгъэпсынщІащи, иджы уэ зыгъэпсэху, адэкІэ сэ нэзгъэсэнщ». Апхуэдэ зэхуцытыкІэрэ унагъуэ зэгурыІуэмрэ зэдэІуэжьымрэ я лъабжьэр.

Гуащэр езыри нысэ зэрыщІытар, абы щыгъуэм зыІууа гуГуеХьэхр игу кьэкІыжьэ зэпытмэ, и нысэри щихьуэмэфынущ лъэпощхьэпо куэдым.

## Щыкъу анэр зэрыщытыпхъэр

Щыкъу анэмрэ мальхъэмрэ яку нэмыс дэлъу, пщІэ зэхуащІу щытын хуёйщ. Щыкъу анэмрэ мальхъэмрэ махуэ кьэс зэкІэлъыжэу щытмэ, я щІэщІыгъуэ зэхуимыльэкІыжу мэхъу, яку дэлъын хуэдэ зэхущытыкІэхэми мыхьэнэ иратыжкъым. Нэхъ ёмыкІужу адыгэхэм кьалъытэр мальхъэ-унэгъуэу щыкъу анэм деж кІуэжынырщ. Пэжу, адыгэхэм я деж мыр къыщыхъуР зэзэмызэххэщ: щІалэр щхьэзакъэщу, лъапсэншэ-екІуэлІапІэнэщу кьэнАмэ, щыкъу анэр Іэрызэкъу езым и щхьэгъусэм фІэкІа кІэлъыплъын имыІэмэ. Зи закъуэу кьэна щыкъу анэр малъхъэм и унэ ишэмэ, нэхъ къэзэгъ.

Иджы кьрагъэжьауэ урохьэлІэ зыгуэрэр я щыкъу анэхэм «мамэкІэ» еджау. БзылъхугъэР унагъуэ ихьэу хабзэу къыщеКІэжкІэ, ар зыбгъэдэс и гуащэри ана пэлъытэ хуохьу, абы «мамэ», «нанэ» жиІэу еджэныр хабзэщ. ЦІыхухъэр щыкъу анэм зэреджэн хуёйр и цІэ дыдэмкІэщ. НэгъуэщІыр ди адыгэ зэхэтыкІэм кьэкІукъым. Абы къикІым щыкъу анэм хуэфащэ пщІэрэ дзэпкъыкъуныгъэрэ лъымысыпхъэу.

Адыгэхэм я хабзэмкъым пхъур зэрыхьа унагъуэм щыкъу анэм и унафэ яхилъхьэу. «Псым хэлъ мывИТ пэтрэ зэжьэхоуэ». ГъащІэ щыхъукІэ Іэджи кьохьу, дэтхэнэ зы унагъуэми езым и хабзэ илъыжщ. Апхуэдизкъм деж тепщэу щытпхъэр акъылымрэ щыІэныгъэмрэщ. Щыкъу анэм нэхъыбэ кьыщигъэщІакІэ, нэхъыбэ щилъэгъуакІэ, Іузху псоми Іущу бгъэдыхьэпхъэщ. Абы лъэкІын хуёйщ и пхъумрэ и малъхъэмрэ я зэхуаку псалъэ кьыздахуэмэ, игъэужьыхьжьын, Іэмалу щыІэ псомкІи унагъуэр игъэбыдэн.

Малъхъэр щыгъу пхъум ужьэхэльэнри, малъхъэм зыгуэркІэ ухуэмыІаррэзымэ, зыкьыІэзэупхыу зэуэ ар абы жеІэнри екІуэкым. Абыхэм унагъуэм псалъэмакъ кьрилъхьэщ. Дахэм кьимыхь Іейм кьиихьэщ.

Щыкъу анэр благъэ кьыхуэхъуэхэм я цІыкІуи-ини яхуэгуэрэ, яхуэхьэлэлу щытпхъэщ. Апхуэдэу щытыфмэ, езыми пщІэрэ нэмысрэ иІэнщ.

**ШЭРДЖЭС Алий.**

● ЖьыІэгъуэхэр

## Щхьэ зиІэм сытри йокІу

♦Быдэу гъэтІылъам улъыхъуэурэ, яГэпщІкІуар кьыкъуоку.

♦ГъатхэР блэкІакІэ, пэпльэн къагьанэркъым.

♦Зи щІыб къыпхуэзыгъаззм и напэр нэхъ Іупщу болъагъу.

♦Имылэмрэ имыщІэмрэ зыРЗэгугъум мылъкуи щІэныгъи игъэунжьакъым.

♦ЩхьэжьхилъагъуэР гъащІэм хэтщ.

♦ЩІэныгъэшхуэ зиІэр къызыгурыІуэр абы кьыкІэрыхъуркъым.

♦Зэманыр нужь кьІуэн емылыджщ: щымыщтэу и бгым зизыдзэфыр здепхъуатэ, щхьэприхыр жгъаф, пыпхэр ныджэм къыІуедззж.

♦Къуаншагъэр зыратьхьэн щыІэхэмэ, йохьуйолтхэр, ауэ езым я деж кьыщежьэмэ, загъэжьажьэ.

♦ЩхьэзиІэм сытри йокІу, щхьэншэм сыти щытІагъэ - фэладжэщ.

♦Щыхъу гъащІэр хэкІуэтэку гурыщІэр мэудзэгу, акъылыр мэжан.

♦Сабийм балигъыбзэр зэжещІыкІ, жьыкІэфэкІэр сабибзэ хуэныкъуэщ.

♦Чыр щІынэщ жьыпІэу къэгъэшынкІэ умыеРыщ, бжэгъкІэ ущыгугъмэ.

♦Гугъу узыдезымыгъэкри, гугъу кьыбдехьри фІыщ.

♦Хьэпыфыр хьэл Іейм кІэ хъуэнщ - фащэу щІэрэкъым.

♦Акъылыфэмрэ щхьэщдыкъымрэ зэрыхэщхьэщыкІыр: зым ищІэн хуэмейр кьещІэ, адрейм зыхуейр ещІэ.

♦Мывэ кьыхэрыгуэкІыр куэдкІэ дыщэм иофІэкІ - зэрнгъэзауэІаркъым, ауэ ари кьуэ хэкІыркъым - иризоауэ.

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.**

## Псальэзэблэдз

*ЕкІуэкІыу:* **3.** Дзыгъуэм, тхьэкІумэкІыхьым Іэзэу ещанкІуэ хьэкІэкхъуэкІэ хьилэны. **7.** «... лъакъуэ щІэткъым». **9.** Аруан районым хуЫбдэ къуажэ. **10**. Мыщэм фІэбэлацэ хьэкІэкхъуэкІэ. **12**. ... дждыгу. **13**. КъурІэным и зы Іыхьэ. **15.** ТолькынхэР зытелъадэ хы Іуфэ. **18**. Лы лей зытель цІыху. **19**. Іэпхъуамбищым я бгъуэгъэм хуэдизу пщалъэ. **20.** Шыбжий фІыцІэм нэгъуэщІу зэредкэ. **24.** Джэршым зуэдэу жьлэ кьызыныкІэ, зи гъэгъахэм бжьэхэм фо кьыхах жыг лІэужьыгъуэ. **26.** Бгы щІэуда, щІыхьэпІэ зиІэ. **27.** Лъагэу зэтекІута гуэр. **28.** Нартыху ... . **29.** Къэрэшей-Шэрджэсым и щІыхубэ усакІуэ. **32.** БэнэкІэ хуитымкІэ 2007 гъэм дуней псом и чемпион хьуа адыгэ щІалэ. **37.** Псэущхьэ Іэл цІыкІу, джэду лъэпкым щыщ. **38.** Урыселмрэ Къэбэрдеймрэ зэрызэкъуэувар зи фІыщІэ адыгэщ. Абы и щІэр Надлэщк и уэрам нэхъ инэм ящыщ зым фІащащ. **41.** Дин лэжьакІуэ. **43.** Зиусхьэн лъэпкъ. **44.** Къэбэрдей адыгэ усакІуэ е цІыхухъуцІэ. **46** . Пхъашэ, гъур. **47.** Хьэжыгъэм кьыхэщІыкІа адыгэ щхынытуэ. **48**. УемыІусэ – укъыдсынщ. **49**. ПхъашІэ Іэмэпсымэ. **50**. Дзыгъуэм и бий кІэуфІыщІ.

*Къехьу:* **1**. Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэбзу. **2.** Шым и фэ. **3.** ЩыщІыІэм, щыуэлбанэм щхьэм фІапхъуэ, пщэм кьрашэкІ. Губгъуэм ит Іэщыхъуэхэм я щыгъыным щыщ. **4**. Удын зытехуам игъуэт ныкъуэдыкъуэ. **5.** Джэдхэм я «гъуэлъыпІэ». **6.** Щыхъуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьжь. **8**. Тутын зральхьэу зэрефэ. **11.** Пашэ, пэрыт. **14.** Уафэм кьэх псыІагъэ. **16**. «... зыгъэсми ешх, блыпкъ зыгъэсми ешх». **17.** Бахьсэн районым щыщ кьуажэ. **21.** Джэдкъэзым традзэ дамыгъэ. **22**. Зи кьудамэкэр теухъэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **23.** НасыпыфІэ, Іуэху зэхъуІэ. **25.** Адыгэ щыгъын щІыІутелъ. **27.** Ахьшэ жьгъей. **30.** Зи гъэгъахэр шакьафэ-кьащхьуафэ, гъатхэм пасэу кьэкІ удз. **31.** Бгы ... . **33**. Лъахьстэн вакъэ пІащІэ. **34**. ЩыпІэ хуабэхэм кьыщыкІ Іпхъэщхьэмыщхьэ Іэфі. **35.** Зи щхьэм гуагуэ тет кьуалэбзу кьуэдэн пэ псыгъэу кьуаанщэ. **36.** ПльыжьыфэР. **39.** ХадзэхэІыр Іисраф зыщІ псэущхьэ. **40.** «МафІэ уиІэ?» жиІэу Сосрыкъуэ зэупщІа нартхэм ящыщзы. **42.** Пасэрей фоч. **45** . БкБР-м щыІэ псыежэх. **47**. «... трактористкэщ» - ЩоджэнщІыкІу Алий и уэсэ.

*Зэхэзыльхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ЩІыпыІэм и 19-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкІуэкІыу:* **3.** Мулай. **4.** Батыр. **6.** Кьэзакъ. 7. Балигъ. **11.** Ректор. **12**. Кьатхъэн. **13**. «Борэн». **15.** Молэ. **16.** Убзэ. **22.** Малъхъэ. **23**. Тотрэш. **25.** «Мазэгъуэ». **26**. Кьэрал. **27**. Ацкъан. **28**. Тхьэгъуш. **29.** Хьэмыку.

*Къехьу:* **1**. «Гулизар». **2**. Атэлькъ. **5**. Оперэ. **6.** Кьатыр. **8.** Гъатхэ. **9**. ШкІэпдль. **10**. Журт. **13**. Былым. **14.** Набдзэ. **17**. Ерокъуэ. **18**. Жырыкъ. **19** . «Алтхьо». **20.** Кьэзан. **21**. Лэгъунэ. **24.** Шэрджэс. **25.** Макъамэ.



● Псалъэжьхэр

## Дыркъуэ ирегъэщІ

●Ажал мыхъумэ, Іэзэгъуэ зимыІэ щыІэкъым.

●Аргуэйм и лым хуэдэщ и лэпсри.

● Ахъшэр пшахъуэщи, гъащІэр щІащхъуэщ.

●Гугъэр щІэгъэкъуэнщ.

●Дзэр Іуэхуныуэ, щхьэр ухьырми Іуещ1ыкІ.

●Жыгейм я нэхъ быдэм гъэнтхъуэнйм дыркъуэ ирегъэщІ.

●Быгуэр щыжаІэм зыгуэр щыщыІэщ.

● Щэнгъасэ хъыбархэр

## Бажэмрэ хьэхэмрэ

Бажэ цІыкІум губгъуэм кьыздижьыхьым хьэхэм ирихьэлІэри ирахужьащ. Бажэр яхуурэ, жыг лъэдакъэм елъэри, гъуэм ипкІэжащ.

Бажэр гъуэм исщи, езыр-езыру зоупщІыж:

- Си тхьэкІумкэ, сыт фэ фщІар?

- Дэ дыдэІуащ, бажэр хьэм едмыгъэшхыну.

- Си лъакъуэхэ, фэ сыт фщІар?

- Дэ псынщІэу дыжащ, бажэр хьэм къедмыгъэубыдыну.

- Си нэ цІыкІуэ, фэ сыт фщІар?

- Дэ зыгъпльхьащ, бажэр хьэм едмыгъэщхыну.

- Уэ, си кІэ баринэшхуэ, сыт пщІар?

- Сэ къуацэкэм, банэхэм, жыг лъэдакъэхэм закІэрысщІащ.

- А-а, пльагъуркъэ ар! Мэ, хьэ, фшхы мы си кІэрі – жиІэу и кІэр кьыщІришинкІым, хьэхэм зубыдри, бажэр кьралъэфащ. И псэр пыт къудейуэ, егаГыу яІэщІэкІащ, и кІэ кьуацэр пафыщІыкІауэ.

## Хэт нэхъ щхьэпэ?

Зэгуэрым, жэмыр, шыр, хьэр зэныкъуэкъурт: «Дызейм дежкІэ хэт нэхъ щхьэпэр?» - жаІэри.

-Дауикі, сэращ нэхъ щхьэпэр, нэхъыфІуи ильаГуур! – жиІащ шым. - Сэ абы и пхъэІэщэри и кьитхъри зызольафэ, пхъэ кьыхъэошэ. Ар езыр сэ кьыстотІыСхьэри здыхуейм макІуэ. Сэрыншэу ар псэуфынтэкъым.

- Хьэуэ, дызейм сэ нэхъыфІу сыкьелъагъу! - жиІащ жэмым. - Сэ абы и бынунагъэр гъэшкІэ сопІ.

- Хьэуэ, сэращ! - жиІэри кьэгъуэмэтІымащ хьэр. - Сэ абы и мылъку псори сохъумэ.

Ахэр зейм абыхэм я зэныкъуэкъур зэхихри жиІащ:

- Фызымыдауэ: псоми сыфхуейщ, дэтхэнэри езым и Іэнатіэм щыфІщ.

## Уэсмэнрэ Ботрэ

Уэсмэнрэ Ботрэ мэзым кІуэрт. Гъуэгум здытетым Уэсмэн и ныбжьэгъуэ еупІащІ:

- Бот, уэ дыгъужь плъагъумэ, ушынэну?

- Пло сыщІэшынэнур? И щхьэм башкІэ сеуэнщи сукІынщ.

Апхуэдэуэрэ мэзым щІыхьащ. Мэзыр кІыфІт, жыг Іувым дыгъэр кьхупхысыртэкъым. Уэсмэн аргуэру щІэупщІащ:

- Мшынэрэ? - жиІэри.

Бот сошынэ жиІэн мэукІытэри, лІыхъужьмрэ зыгъэгъауэри жэуап кьет:

- ЛІо сыщІэшынэнур? Сэ ин сыхъуащ.

Абдежьым Уэсмэн кьыхэкІиникІащ:

- Уа, дыгъужь!

Бот кьэщтауэ зридзыхащ, «Уа, на-нэ!» жиІэу кІийуэ.

- Ей, Бот, сыту улІыхъужь хахуэ уэ! - ауан ищІт иджы и ныбжьэгъур Уэсмэн.

*Зытхыжар* **ЕлБЭД Хьэсэнщ.**

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар щхьэщэмышІ и эзщ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъуэрыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жылаес Маритэ, Льостэн Мурэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цІкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІэнэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ Іыащ1эмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуищ1апІэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; ерэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекІуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыныкІэ жэуап ешІ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъуэм и 16-м №11-0065-м щІэту яГуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м ПІщнэфэзмрэ хъыбарегъащІэ ГнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цІкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

*Мы кьыдэкІыгъуэм елъэкъыхэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Гъуэрыжь Мадинэ, редактору ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,2-нэ нап.)*, Табиш Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютерыр Іэ газетым и тепльэр щІащ:* ШакІуэ Мадинэ, Мэзбахуэ Анжелэ, *суэттыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.095 ● Заказ №197